ФIФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№131 (23.789) ● 2018 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 27, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ТЕМЫРКЪАН Борис Хьэту и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. Куэдрэ сымэджа нэужь, 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м и ныбжьыр илъэс 82-м иту дунейм ехыжащ совет, урысей дирижёр, композитор, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ музыкант Iэзэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Темыркъан Борис Хьэту и къуэр.

Борис Хьэту и къуэр 1937 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м Зэрэгъыж къуажэм къыщалъхуащ. МакъамэмкIэ пэщIэдзэ щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ Налшык къалэ и музыкэ школым, ар къиуха нэужь и щIэныгъэм щыпищащ гъуазджэхэм щыхурагъаджэу Орджоникидзе дэт училищэм.

1965 гъэм Борис Хьэту и къуэм Собинов В. Л. и цIэр зэрихьэу Саратов дэт консерваториер къиухри, Налшык къигъэзэжащ икIи симфоние оркестым виолончелым еуэу лэжьэн щыщIидзащ, абы къыдэкIуэу дирижёр IэщIагъэм, композитор гъуазджэм зыхигъэгъуазэу хуежьащ.

Симфоние оркестр зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыщылэжьам, къэралым щыщ музыкант, дирижёр цIэрыIуэхэм япыщIа зэрыхъуам мыхьэншэхуэ иIащ езым и гъащIэр дирижёр гъуазджэм триухуэну унафэ къищтэнымкIэ. 70 гъэхэм якухэм Темыркъан Борис и Iэзагъэм щыхигъахъуэу щыIащ Ленинград къалэм оперэмрэ балетымкIэ и Театр цIыкIум, абы и ужькIэ республикэм къигъэзэжри, Музыкэ театрым и симфоние оркестрым и унафэщIу лэжьэн щIидзащ. 1978 гъэм ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал филармонием и симфоние оркестрым и дирижёр нэхъыщхьэу икIи и художественнэ унафэщIу ягъэув. А зэманым оркестрым игъэзащIэу республикэм япэу щыIуащ дунейпсо гъуазджэм и хъугъуэфIыгъуэу къалъытэ макъамэхэр.

Борис Хьэту и къуэр набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъырт къыщалъхуа республикэм и композиторхэм я творчествэм, абыхэм я IэдакъэщIэкIхэр зэпымыууэ хигъэхьэрт оркестрым игъэзащIэхэм.

Илъэс къэс къахэхъуэрт дирижёрым зыкъыщигъэлъагъуэ щIыналъэхэм, абы и репертуарым хэтт европей, урыс классикхэм, иджырей композиторхэм я IэдакъэщIэкIхэр. Ар ирагъэблагъэрт Урысейм, Арменияем, Украинэм я симфоние оркестр цIэрыIуэхэм ядэлэжьэну.

Темыркъан Борис бгъэдэлъ зэчийр наIуэ къэхъуащ макъамэ гъуазджэм и нэгъуэщI лъэныкъуэкIи - и композитор творчествэмкIи. Абы и лирикэ уэрэдхэр цIэрыIуэ хъуащ, макъамэ Iэмэпсымэхэм папщIэ итхахэр къыщоIу музыкэм щыхурагъаджэ IуэхущIапIэхэми концертхэр щат утыкухэми. Аращ зи Iэдакъэ къыщIэкIар симфоние оркестрым щIыгъуу адыгэ пшынэкIэ ягъэзэщIэну япэ лэжьыгъэхэр.

90 гъэхэм я пэщIэдзэм Борис Хьэту и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и унафэщIу ягъэуващ. А къулыкъум щытета пIалъэм къриубыдэу абы куэд зэфIигъэкIащ къыщалъхуа республикэм щэнхабзэм зыщегъэужьыным хуэунэтIауэ.

Апхуэдэуи Борис Хьэту и къуэр жыджэру хэтащ республикэм щекIуэкI жылагъуэ гъащIэм: 2002 гъэм къыщыщIэдзауэ Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу щытащ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтащ, Путин В. В. Урысей Федерацэм и Президентым и кандидату щыщытам абы и дзыхь зригъэзахэм ящыщащ.

ЗыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ здынэса творческэ лъагапIэхэмрэ къэралым пщIэшхуэ къыхуищIащ. Абы къратащ Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ орденыр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр, къыхуагъэфэщащ «Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист», «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист», «Къалмыкъым и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр.

Борис Хьэту и къуэм и гъащIэ псор триухуащ щэнхабзэм хуэлэжьэным. И творческэ зэчийм щIыгъу щыпкъагъэм, зэпIэзэрытагъым, псэкIэ къулейуэ зэрыщытам, гъащIэм къыхиха Iущагъхэм абы къыхуахьащ жылагъуэм щиIа Iулыджымрэ пщIэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пэж Темыркъан Борис Хьэту и къуэм и фэеплъыр сыт щыгъуи ди гум илъынщ.

КIуэкIуэ К. В., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. ТI., Канунников В. А., Къуэдзокъуэ М. М., Алътуд Ю. Къ., Амщыкъуэ Ф. Къ., АфэщIагъуэ М. Хь., Аттаев Ж. Ж., Ахъуэхъу Т. Б., Ахъуэхъу М. Хь., Быкъыш Р. Хь., Берд Хь. А., Беппаев М. А., Быф А. Ж., Бозий Н. М., Бэлэтокъуэ В. Хь., Вэрокъуэ В. Хъ., Геляхов А. С., Геккиев З. Д., Говоров С. А., Губин Г. С., Дзэмыхь Къ. ФI., Жанатаев С. А., Залиханов М. Ч., ЗэшэкIуий ТI. Ш., Зумакулов Б. М., Зумакуловэ Т. М., Иуан П. М., Къалэ З. А., Къанокъуэ А. Б., Канунников А. Д., Къардэн М. Н., Къармокъуэ Хь. М., КIэрэф М. А., Чэт Ю. М., Клевцов М. М., КIуэкIуэ Ю. А., Къумахуэ М. Л., Марьяш И. Е., Мовсисян Г. О., Молэ В. Л., Нэхущ З. А., Опрышкэ О. Л., Рахаев А. И., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Тау П. Къ., Тхьэгъэзит Ю. М., Ульбашев М. М., Федченкэ Л. М., Фырэ Р. Б., Хьэжу В. Ш., Хьэщхъуэжь А. Б., ХьэIупэ Дж. Къу., ХьэфIыцIэ М. М., Шыхъуэстэн Б. К., Щхьэгуэш А. Л.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ музыкант Iэзэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Темыркъан Борис Хьэту и къуэм и хьэдэр щIэлъхьэным пыщIа Iуэхухэр зэфIэзыхыну комиссэ къызэгъэпэщын, мы къыкIэлъыкIуэхэр хэту:

Мусуков А. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIыр *(комиссэм и унафэщIщ)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIыр

Асанов А. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министрыр

Ахъуэхъу Т. Б. - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр

Берд Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщIыр

Вэрокъуэ В. Хъ. - «Налшык» жылагъуэ радиотелевизионнэ компание» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и генеральнэ директорыр

Дроздов И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр къэралым ихъумэнымкIэ и управленэм и унафэщIыр

Жанатаев С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэр

Зумакулов Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэр

Къалэ З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Iуэхухэр зэкIэлъызыгъакIуэр

Канунников В. А. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр

Къардэн М. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр

Маслов Н. А. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм и гъэзэщIакIуэ унафэщIыр

Сэхъурокъуэ Хь. Хь. - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэр

Тау П. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и секретариатым и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Эксперт-аналитикэ советым и унафэщIыр

Хъубий М. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м
№116-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ музыкант Iэзэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Темыркъан Борис Хьэту и къуэм и хьэдэр щIэлъхьэным пыщIа Iуэхухэр зэфIэзыхыну комиссэм къыбгъэдэкIыу

Правительствэм и комиссэм хъыбар фегъащIэ дунейм ехыжа Темыркъан Борис Хьэту и къуэм Iуплъэжынымрэ нэщхъеягъуэ пэкIумрэ 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм зэрыщекIуэкIынумкIэ. Киноконцерт гъэлъэгъуапIэм и хэщIапIэр: Налшык къалэ, ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ уэрам, 28. Нэщхъеягъуэ дауэдапщэхэм щыщIидзэнур сыхьэт 11-рщ.

КIуэкIуэ Казбек зи щхьэ IуэхукIэ къыхуэкIуа цIыхухэм щаIущIащ УФ-м и Президентым цIыхухэм щахуэзэ и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм

Иджыблагъэ КIуэкIуэ Казбек зи щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIа цIыхухэм щахуэзащ Урысей Федерацэм и Президентым цIыхухэр щрагъэблагъэ и IуэхущIапIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм.

РЕСПУБЛИКЭМ и район зэмылIэужьыгъуэхэм къикIахэм къаIэтащ псэупIэ Iуэхухэр егъэфIэкIуэным, гузэвэгъуэ хэхуа унагъуэхэм ядэIэпыкъуным, гууз хьэлъэ зиIэ сабийм къэралым и медицинэ центр нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщ зым къыщеIэзэн папщIэ гъэкIуэным япыщIа Iуэхухэр.

Абыхэм япкъ иткIэ КIуэкIуэ К. В. гъэзэщIакIуэ властым и органхэм пщэрылъ пыухыкIахэр яхуигъэуващ. ЗэIущIэм къыщаIэта лъэIухэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ яхуэгъэзауэ зэфIагъэкIхэм КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр езыр кIэлъыплъынущ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м къегъэщIылIа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Канунников В. А.

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

● КъБР-м и Правительствэм

ЩIыналъэм зэрызиужьыну щIыкIэхэр яубзыху

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий жэпуэгъуэм и 24-м иригъэкIуэкIащ зи чэзу зэIущIэр.

АБЫ ЩЫТЕПСЭЛЪЫХЬАЩ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр 2019 гъэм, 2020 - 2021 гъэхэм зыхуэдэнум и IуэхукIэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2019 гъэм, 2020 - 2021 гъэхэм ятещIыхьауэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетыр 2019, 2020 - 2021 гъэхэм ятещIыхьауэ» КъБР-м и Правительствэм и Унафэхэм я проектхэм.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис** жиIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр 2019 гъэм, 2020 - 2021 гъэхэм зыхуэдэнум и IуэхукIэ» КъБР-м и Правительствэм и Унафэм и проектыр Iыхьитху зэрызэхагъэувар, яхузэфIэкIыну зыщыгугъымрэ а бжыгъэхэм щIрагъэгъункIэ хъунур зыхуэдизымрэ къыщыгъэлъэгъуауэ.

- Къэрал, федеральнэ программэ хэхахэм къыщыгъэлъэгъуахэр тхуэгъэзащIэмэ, 2018 гъэм валовэ щIыналъэ продуктым и хэхъуэр проценти 102,7-рэ хъуну дыщогугъ, нэгъуэщIу жыпIэмэ сом меларди 149,8-м дынэсынущ. 2021 гъэм и кIэ пщIондэ зэдгъэхъулIэфынум и гугъу пщIымэ, ар сом меларди 168,2-м тыдощIыхь. Инвестицэ Iуэхухэм къахэдгъахъуэрэ IуэхущIапIэщIэхэр къызэIутхмэ, щIыналъэм и экономикэр куэдкIэ нэхъ ефIэкIуэнущ, - жиIащ Рахаевым.

Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, зи гугъу ящI пIалъэм промышленностым къыщIигъэкIым и хэхъуэр сом меларди 3,7-рэ хъунущ, мэкъумэш IэнатIэм - сом меларди 7,1-рэ, ухуэныгъэм - сом меларди 2,3-рэ, хьэпшыпу зэрагъакIуэм - сом мелард 39-рэ. «Апхуэдэ щIыкIэкIэ зытетщIыхь бжыгъэхэм щIедгъэгъункIэ хъунур зыхуэдизымкIэ сом меларди 10,6-рэ къыдитыну къыдогъэлъагъуэ, тхузэфIэкIынумкIэ - сом меларди 10,1-рэ мэхъу. Ику ит мазэ улахуэр мы гъэм сом мин 25-рэ 890-рэ хъунущ, 2021 гъэм и кIэм ар сом мин 31-рэ 235-м нэдгъэсыну ди мурадщ», - дыщIигъуащ Рахаевым.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2019 гъэм, 2020 - 2021 гъэхэм ятещIыхьауэ» КъБР-м и Правительствэм и Унафэм и проектым тепсэлъыхьащ КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Лисун Еленэ**. Абы жиIащ 2019 гъэм и кIэм республикэм къэрал щIыхуэр процент 86-м нигъэсын зэрыхуейр, 2020 гъэм - процент 82-м, 2021 гъэм - процент 72-м.

- 2019 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым и хэхъуэр сом мелард 31-рэ 60-рэ хъуну худогъэфащэ, налогхэмрэ нэгъуэщI хэхъуэхэмрэ сом мелард 11,346-рэ къыдатынущ. Адрей илъэсхэми хуэдэу, налог хэхъуэхэм я процент 91-р къызыхэкIынур акцизхэрщ, НДФЛ-мрэ транспорт налогымрэщ, - жиIащ Лисун Еленэ. - Федеральнэ ахъшэу республикэ бюджетым сом мелард 19-рэ мелуан 713,9-рэ къритыну тыдощIыхь. Республикэм къигъэсэбэпыну зыхуеинур сом мелард 30-рэ мелуан 37,8-рэ мэхъу. Зэрыхабзэу, абы щыщу социальнэ Iуэхухэр зэфIэгъэкIыным сом мелард 20-рэ мелуан 849-рэ текIуэдэнущ.

ЗэIущIэм къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэду зэхэт и унэхэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыщрагъэкIуэкIым и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спорт IуэхущIапIэ зыбжанэ зэрызэгуагъэхьэжым теухуауэ» КъБР-м и Правительствэм и Унафэхэм я проектхэр. Иужьрейм ехьэлIауэ КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ **Анаев Аслъэн** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ IуэхущIапIитI зэрызэгуагъэхьэжым республикэм и бюджетыр зэрызэригъэзэхуэнур, апхуэдэуи атлетикэ хьэлъэмрэ «ГТО» урысейпсо спорт зэгухьэныгъэмрэ я къудамэхэр къызэIуахыну Iэмал зэраIэнур.

Анаевым утыку кърихьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокIадэм и 5-м къыдигъэкIа Унафэ №246-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и Правительствэм и Унафэм и проектри. Абы къыщыгъэлъэгъуащ спортым и лэжьакIуэхэм я улахуэр проценти 4-кIэ зэрыхагъэхъуэнур.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Хъубий Марат** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетыр 2019, 2020 - 2021 гъэхэм зыхуэдэнум щытепсэлъыхьым жиIащ дызытехьэ илъэсым IуэхущIапIэм и хэхъуэмрэ къигъэсэбэпыну зыхуеинумрэ зэрызэхуэдэр икIи ар сом меларди 9-рэ мелуани 164,3-рэ зэрыхъур.

ЗэIущIэм зэхъуэкIыныгъэхэр щыхалъхьащ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм и коллегием хэтхэм, КъБР-м и Правительствэм и акт щхьэхуэхэм, нэгъуэщIхэми.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● КъБР-м и Парламентым

Унафэхэм зэхъуэкIыныгъэ халъхьэ

Жэпуэгъуэм и 25-м КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIащ хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зэIущIэ. Депутатхэр унафэ 15-м ириплъэжащ, зэхъуэкIыныгъэ зыхэлъхьапхъэхэмкIи зэдэарэзыуэ Iэ яIэтащ.

ЗЭIУЩIЭР яублащ хабзэр убзыхунымрэ парламентаризмэм зегъэужьынымкIэ щIыналъэм хуилэжьам папщIэ фIыщIэ тхылъ депутат Мэшыкъуэ Барэсбий иратынымкIэ.

КъыкIэлъыкIуэу зэхъуэкIыныгъэ халъхьащ КъБР-м и Парламентым и комитетхэм я лэжьакIуэхэми. Апхуэдэу, КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и жэрдэмкIэ, Парламентым и депутату хахащ **Пешковэ Людмилэ**. Апхуэдэу хабзэубзыхухэм зэдэарэзыуэ Iэ яIэтащ КъБР-м ХэхакIуэ комиссэм **Беспаловэ Наталье** зэрыхагъэхьэмкIэ. КъищынэмыщIауэ, КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и аудитор **Дыкъынэ СултIан** и къулыкъум трагъэкIащ и ныбжьыр зэрынэсам къыхэкIыу.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м хьэрычэт цIыкIумрэ курытымрэ зыщегъэужьыным, КъБР-м и къэрал мылъкур уней щIыным, щIыуэпсыр хъумэн и лъэныкъуэкIэ КъБР-м гулъытэ щхьэхуэ щыхуащI щIыпIэхэм теухуа унафэхэм халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэм.

- Хьэрычэт цIыкIурэ курытрэ зиIэхэм бэджэнду къащта къэрал мылъкур къащэхужыну хуитщ дяпэкIэ. Абы къыхэкIыу, хьэрычэтым теухуа къэрал унафэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьапхъэщ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым ЭкономикэмкIэ, инвестицэмрэ хьэрычэтымкIэ и комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур**.

ЗэхъуэкIыныгъэ игъуэтащ КъБР-м жьэн узыфэм зэрыпэщIэтым теухуа и хабзэми. Абы ипкъ иткIэ, жьэн уз зэфыкIыу зыхуагъэфащэхэмрэ, жьэн зэфыкIым и гъусэу псэухэмрэ (псэуахэмрэ) дяпэкIэ зэхэгъэщхьэхукIауэ кIэлъыплъынущ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщI **Къэгъуэтыж Ахьмэд**. Ар тепсэлъыхьащ 2016 гъэм зэхаша щIалэгъуалэ къудамэм и 5-нэ зэхыхьэм игъэзэщIам.

- Ди ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу къызолъытэ Шэшэн Республикэмрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ я ЩIалэгъуалэ палатэхэм дадэлэжьэну етщIылIа зэгурыIуэныгъэхэр. КъищынэмыщIауэ, ди палатэм щыщ цIыху зыбжанэ я къулыкъукIэ дэкIуеящ. Псалъэм папщIэ, КъБР-м мэкъумэшымкIэ и министрым и къуэдзэ хъуащ Чеченов Ислъам, ди ныбжьыщIитI Аруан щIыналъэм и депутату хахащ, - жиIащ Къэгъуэтыжым.

КъищынэмыщIауэ, Къэгъуэтыжым депутатхэм ягу къигъэкIыжащ КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм узыншагъэр хъумэным теухуа унафэм хилъхьа зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ урысейпсо зэпеуэм япэ увыпIэр къызэрыщихьар. Гу лъытапхъэщ ЩIалэгъуалэ палатэм къыхалъхьа икIи ехъулIэныгъэфIхэр къагъэлъагъуэу ягъэзащIэ щIыуэпс лэжьыгъэми, ныбжьыщIэхэм папщIэ ирагъэкIуэкI зэпеуэхэми, жьы хъуа цIыхухэр щыпсэу, сабий унэхэм, интернатхэм кIэщI-кIэщIурэ зэреблагъэми, мылъкукIэ зэрызыщIагъакъуэми.

- Дэ сытым дежи гулъытэ худощI щэнхабзэм зегъэужьыным, щIыуэпсыр хъумэным, лъэпкъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным. АдэкIи апхуэдэ IуэхуфIхэм къыпытщэну ди мурадщ, - жиIащ ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщIым.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Тырныауз

Фэтэр куэд хъу унэхэр зэрагъэпэщыж

2018 гъэм псэупIэхэр зэгъэпэщыжынымкIэ зэман кIэщIым тещIыхьа планым тету «КъБР-м фэтэр куэд хъу унэхэр капитальнэу щызэгъэпэщыжынымкIэ щIыналъэ оператор» фондым лэжьыгъэхэр щрегъэкIуэкI фэтэр куэд хъууэ Тырныауз дэт унитIым.

МУСУКАЕВЫМ и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №13-м и щIыбыр зэрахьэ, унащхьэр зэрахъуэкI, Эльбрус уэрамым тет унэ №83-м и унащхьэр зэрагъэпэщыж, унэ кIуэцIым хиубыдэ инженер-электрическэ сетхэр зэрахъуэкI. Псори зэхэту а унитIым сом зы мелуан трагъэкIуэдэнущ.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэр 2019 гъэми ирагъэкIуэкIынущ, илъэсищым тещIыхьауэ зэхалъхьа икIи КъБР-м и Правительствэм къищта программэм тету.

ТАРИМ Алисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къыщыгъэлъэгъуащ къэрал куэдым я пощт маркэхэм

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр дунейм щыIэ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я пощт маркэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуам теухуа буклет. Ар игъэхьэзыращ маркэхэр зэхуэхьэсыным куэд щIауэ дихьэх ТхьэгъуахъуэIэуес.

Буклетым итщ 1946 гъэм щегъэжьауэ 2018 гъэм нэсыху къыдэкIа маркэ 30. Я инагъ дыдэм хуэдизу абыхэм хагъэхьащ СССР-м, Урысейм, Абхъазым, Азербайджаным, Белоруссием, Румынием, Египетым, Израилым, Канадэм, Иорданием, Палау, Мальдивы къэралхэм щызэкIуэу щыта маркэхэр.

Буклетыр экземпляри 100 хъууэ аращ.

«Адыгэ псалъэр» адыгэ унагъуэ псоми илъын хуейщ

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

ФокIадэм и 1-м щIидзауэ КъБР-м Пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм ирегъэкIуэкI 2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ трегъэздзэныгъэ теухуа лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ди анэдэлъхубзэкIэ къыщыдэкIыр. ДызэригугъэмкIэ, ар фIэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми.

ГъэщIэгъуэн куэд къивгъуэтэнущ ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм - политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, гъуазджэ, спорт хыбарыщIэхэр, ди тхыдэм, ди хабзэбзыпхъэхэм ятеухуа тхыгъэхэр, нэгъуэщI куэди.

Газетым Iэ щытевдзэ хъунущ КъБР-м и пощт IуэхущIапIэхэм.

«Адыгэ псалъэм» и Iэ тедзапщIэр илъэс ныкъуэм сом 612-рэ кIэпIейкIэ 78-рэ хъууэ аращ.

Ди индексыр 51531

Тхыдэ мыхьэнэ зиІа

● ЗэІущІэхэр

КПСС-м и дэІэпыкъуэгъу нэсу, шынэхъыщІэу, а партым хэтхэм я пІэм иувэн кӀуэд къызыхэкІыну зыщыгугъыу илъэс кӀуэдкІэ щыІа ВЛКСМ зэгугъэныгъэр ди къэрал тхыдэм уевыпІэ хэха щызыбыдэа, мыхьэнэ ин зиІа къэхутэхэм ящыщщ.

ЗЭГУХЬЭНЫГЪЭР щымыІэжми, псэуф абы и лэжьыгъэм зи гъащІэр, зи щІалэгъуэр тезыухуауэ щыта, комсомол зэщІэхьеныгъэм жыджэру хэта цыхуэр. Къэралым нобэ унафэ щызыІэщІэлъэм яхэмытми ярейщ комсомолец пашэу щымыта, абы и щыпІэ, щынальэ зэгугъэныгъэхэм лэжьыгъэ купщІафІэ щызымыгъэзэща, комсомолым пыщІауэ зи цІэр фІыкІэ ялэу мыІуа. Апхуэдэхэм ноби жылагъуэм пщІэрэ щІыхьэр щалэщ, къытщІэхъуэ щІэблэмэ я щапхъэщ.

КъБКъУ-м щеджэхэм зымахуэ яхуеблэгъахэри зэгугэр комсомолец пашэу, жыджэру щытахэщ. Студентхэр яІущІащ. ВЛКСМ-м и Налшык къалэ комитетым и ялэ секретару щыта, Хэку зауэшхуэм и ветеран Марченкэ Сергей, «Урысейм и гугъапІэ» къэралпсо жылагъуэ бзылъхугъэ зэгугъэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и унафэщІ Черновэ Алёнэ, а зэгугъэныгъэм и Налшык къудамэм и пашэ Хьэжыкъарэ Бэллэ, ВЛКСМ-м и ветеранхэм я республикэ зэгугъэныгъэм и унафэщІым и къудзэ Мэрэей Залымджэрий, «Союз» парт зэгугъэныгъэм хэт, дзэ къулыкъым къыхэкІыжа полковник, «ПІыгъэм и дамыгъэ» ордену тІу зыхуагъэфэща Шэджэм Залымджэрий, КъБР-м и ялэ Президентым и чэнджэщэгъуу, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта, КъБР-м щыхьх зиІэ и журналист Къудей Владимир, пионервожатэ нэхъыжьу щыта, дзэ къулыкъым къыхэкІыжа майор Дьяченкэ Маргаритэ, Марко Вовчок и унэ-музейм и унафэщІ Лэжьорей Инессэ сымэ. ЗэІущІэм апхуэдэу хэтащ «ДыгъафІэ къалэ» ТворчествэмкӀэ сабий академием и «Шэху уэздыгъэ» литературэ студием и гъэсэнхэр, школакІуэ нэхъыжьхэр.

ВЛКСМ-м и ветеранхэм махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуу псалъэ гуапэкІэ зэхуигъэзащ КъБКъУ-м и ЩІэныгъэ библиотекэм и лэжьакІуэ, педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат Борэн Мадинэ.

- Зи тхыдэ блэкІам пщІэ хуэзымыщІ сыт хуэдэ къэралри хэлпІытэ хьунукъым зызыужьхэм, - еФІакІуэхэм, - къыхигъэщащ Борэным. - Дэтхэнэ зы щІэблэми тхыдэм хелъхьэ и зэфІэкІкІэр. Апхуэдэт ди къэралым и дежкІэ комсомолыр. Абы хэта щІалэгъуалэр дапщащи пэрыту, щапхъэ ягъэлъагъуэу щытащ. Нобэ ди хьэщІэхэр апхуэдэу хьыджэру зи щІалэгъуэр езыхьэкІа комсомолецхэщ. Дыхуейщ нобэ къытщІэхъуэ щІэблэм ахэр нэхъ гъунэгъуу яцІыхуну, 20-нэ лІэщІыгъуэм зи щІалэгъуэр хиубыдахэр иджырейхэм щапхъэ яхуэхъун папщІэ.

ХьэщІэ лъапІэхэм ящыщ дэтхэнэри хэтащ зэхуэсым щаубла псалъэмакъым. Нэхъыжьхэр нэхъыщІхэм ядэгъэшащ комсомол гъащІэм еха гукъэкІыжхэмкІэ. «Дапщэщи пэрыту щытын» - апхуэдэ псалъэщ абыхэм я гъащІэм къыхуеджэныгъэу яІар, ноби яІэр. КПРФ-м къыбгъдэкІ фэеплъ дамыгъэхэр комсомолым и ветеранхэм яритащ Черновэ Алёнэ. ЗэІущІэр къыззэшІыгъэпэщахэр ягъэпэжащ «Урысейм и гугъапІэ» къэралпсо жылагъуэ бзылъхугъэ зэгугъэныгъэм къыбгъдэкІ щІыхь тхылъэмкІэ.

ЗэІущІэм хэта ныбжьыщІэхэм абы щагъэззэщІащ комсомолым, Хэкум, пэжыгъэм ятеуха усэхэмрэ уэрэдхэмрэ. Іуэхум и кІэуэху псоми зэгугъэсэу зэдгъэззэщІащ Добронравов Николайрэ Пахмутовэ Александрэрэ 1970 гъэм зэдатхауэ щыта «Не расстанусь с комсомолом» уэрэд цІэрыІуэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Хъыбар гуапэ

Тут Заур и вагъуэ

«Вместе» фІэщыгъэм щІэту фокІадэ мазэм Ялтэ щекІуэкІа XVIII дунейпсо телекинофорумыр ди къэралым и къалащхьэр илъэс 871-рэ зэрырикъум хуэгъэпсауэ щытащ. Абы щагъэлъэгъуащ Москва теухуа фильмхэр. Режиссёр, артист, журналист щІэрыІуэхэр къалэдэсхэм Іуагъэщ.

АДАУЭДАПЩЭМ хэтащ Нидерландэм, Словакием, Болгариием, Афганистаным, Германием, Армением, Белоруссием киномрэ телевиденэмрэ щыпэрыт я Іэщ ІагъэлІкэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, меценатхэр.

ЗэІущІэ иныр кьащыщІэуІахьм, хабзэ зэрыхъуауэ, урысей киноиндустрием и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр траліхьащ. ИужькІэ «Аллея звезд»-м ди лъэпкъэгъу, УФ-м и цІыхубз артист Тут Заурэ УФ-м щыхь зиІэ и артист Маховиков Сергейрэ сэхэр хужьым къыхэщІыкІауэ я щІэхэр зытет вагъуэхэр щагъэтІылъащ.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, «Аллея звёзд»-м ди къэралым и актёр, журналист, режиссёр, тхакІуэ, уэрэджыІакІуэ нэхъыфІхэм я цІэхэр тратхэу яублащ 2010 гъэм. Иджы абы ди лъэпкъэгъуэм и цІэр зэрыхагъэувам хуабжу дыщыгуфІыкІащ. Заур жеІэ Кьрымым къыщыхуащІа пщІэр и гуапэ дыдэ зэрыхъуар, а пщІэр зэригъэпэжыным яужь зэриты нур.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● БэнэкІэ хуит

ТекІуэныгъэр я Іэрылъхьэщ

Македониеи и къалащхьэ Скопье щекІуэкІащ ветеранхэм бэнэкІэ хуитымкІэ я дунейпсо зэхьэзэхуэ.

КИЛОГРАММ 78-м нэс зи хьэлъаГъхэм я деж зи зэфІэкІыр щызыгъэлъэгъуа Ташу Рустам дуней псом и чемпион хъуащ.

Темукуев Кьайсин кг 70 хъухэм я гупым жэз медалыр къыщихьащ.

УЭРКЪ Жыраслъэн.

● Егъэджэныгъэ

ІэщІагъэхэм зыщагъэгъуазэ

УФ-м Машинэ зэпкърызылъхьэхэм я зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэмрэ КъБР-м Цыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэмкӀэ и министерствэмрэ республикэм и промышленнэ Іуэхущ Іапі эхэм, еджапІэ-производственнэ центрхэм школакІуэхэм папщІэ мы махуэхэм къыщызэрагъэпэщ зэІущІэ купщІафІэхэр. Ныбжьыщ Іэхэр абыхэм щыгъуазэ щыхуащІ ухуакІуэ Іэщ Іагъэхэм я щэхуэхэм. Іуэхугъуэхэр къызэщІеубыдэ «Турникетыншэ тхьэмахуэ» урысейпсо акцэмрэ ар зыхьхьэ «Урысейм щылажьэ» федеральнэ проектымрэ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и промышленнэ Іуэхущ Іапі эхэм, еджапІэ центрхэм япэу щыІахэм ящыщщ Налшык дзт курыт школхэм я класс нэхъыжьхэм щІэсхэр. КъБКъУ-м и «Мехатроникэмрэ робототехникэмрэ», «Машинэхэр зэпкърыльхьэным пыщІа технологие лъагэхэр» щІэныгъэ-егъэджэныгъэ центрхэм щыІащ гимназие №1-м щІэсхэр. Ныбжьыщ Іэхэм Іэмал яІащ промышленностым кьыщагъэсэбэп роботхэр зэрылажьэм кІэлъыплъыну, абыхэм я зэпкърыльыкІэхэм щыгъуазэ зыхуащІыну. ЕджакІуэхэм ящыщ куздым гукъыдэж яІэ хъуат инженер Іэщ Іагъэм хуеджэну.

Къалащхьэм дзт курыт школхэу №№11-м, 21-м я еджакІуэхэр ирагъэблэгъащ «Телемеханика» заводым и цеххэм. Ныбжьыщ Іэхэр дихьэхауэ едэІуащ Іуэхущ Іапі эм къыдигъэкІ хьэпшыпхэм ятеухуауэ Іэщ Іагъэ Іпі эхэм къыжраІахэм, набдзэгубзаплъэу кІэлъыплъащ лжьыгъэр зэрызэфІахьм. А Іуэхугъуэхэм епха упщІэхэр я кӀуэдри, абыхэми жауап зэпкърыхэхэр къратащ заводым и лэжьакІуэхэм.

Бахъсэн дзт «Автозапчасть» заводым къыщызэрагъэпэща зэІущІэм хэтащ а къалэм дзт курыт школхэм я гъэсэнхэр. Абы ныбжьыщІэхэр щыгъуазэ щыхуащІащ ди хэкуми хамэ къэралхэми щызэпкъраГъхьэ автомобилхэм я лжьэкІэ мардэхэм.

Акцэм и жэрдэмщІакІуэхэм ящыщ, абы пыща Іуэхуэхэр ди щІынальэм щызэзыгъэуІу ТхьэмокъуэАнзор зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ зэхуэзэхэр илъэсым кьриубыдэу тІэунейрэ гъэ кьэс ирагъэкІуэкІ. Ар сэбэпышхуэ мэхъу ныбжьыщІэхэм Іэщ Іагъэ я къыхахьнымкІэ. КъыкІэпъыкІуэ зэІущІэхэр къызэрагъэпэщыну я мурадщ 2019 гъэм и мэлыжьыхь мазэм къриубыдэу.

ТАМБИЙ Линэ.

● ФщІэн папщІэ

Тралъхьам и процент 76-р япшынащ

Зэратх Іэмэпсымэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, жэпуэгъуэм и 13-19-хэм кхриубыдэу гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэр 11520-рэ къызэпаудащ. Псори зэхэту къуэдыуэ тралъхьащ сом мелуани 7-рэ мин 223-рэ. А махуэхэм кхриубыдэу сом мелуани 5-рэ мин 473-рэ, тралъхьам и процент 76-р, япшынащ.

КЪУЭДЫР махуэ 60-м кхриубыдэу япшын хъунущ. Абы фІагъэкІамэ, Іуэхур Суд приставхэм Іэрагъэхьэ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэува пІалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статьяр) кхриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитІкІэ яГъэбагъуэ е сыхьэт 50-кІэ цІыхур ягъэлажьэ.

Къуэды птелърэ-птемылърэ къыщыпщІэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru.

КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м фигу къегъэкІыж:

- рулым дэсхэм гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэр уэим фымыщ!

- административнэ къуэдыхэр и чэзум фыпшын.

БАХЪСЭН Азэмэт.

● Параплан спорт

НэхъыфІхэр командэ къыхэхам хагъэхьэ

Шэджэм щыналъэм щыІэ парадромым иджыблагъэ щекІуэкІащ «Параплан - парящий полёт» авиацэ псынщІэ дыдэ спортымкІэ Урысейм и чемпионат. Псори зэгъусэу абы хэтащ къэралым и щыпІэ 15-м къикІа спортсмен 56-рэ.

ЦЫХУХЪУХЭМ я деж пашэ щыхъуащ Пермь къикІа Трегубов Константин, ятІуанэ хъуащ воронеждэс Коробков Андрей. Сахалиным щыщ Елисеев Андрей ещанэщ. ЦІыхубзхэм я зэпеуэм щытекІуащ Рязань къикІа Соколовэ Олеся. Абы кьыкІэльокІуэ Новиковэ Татьянэрэ (Симферополь) Алексинэ Маринэрэ (Санкт-Петербург).

Зэхьэзэхуэм хэтахэр зэпеуащ псынщІэу Іыгъуэгъэ къызэпачыныкІэ, лъэпощхьэпохэр къызэранэкІыуэрэ щІыпІэ хэхам нэсынымкІэ, нэгъуэщІхэмкІи.

Мы гъэм чемпионатыр бгылъэ щІыпІэхэм зэрыщекІуэкІар щыхьэт тохъуэ Урысейм параплан спортым зыужьныныгъэ зэрыщигъуэтам. Спортсменхэм къагъэлъэгъуащ Іэзагъ ІыгъэкІи нэхъыфІхэр дунейпсо зэпеуэхэм хэтыну къэралым и командэ къыхэхам хагъэхьащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Іуащхьэмахуэ» журналым я лэжьакІуэхэм гущІыхьэ ящыхьуащ дирижёр, композитор цІэрыІуэ, Урысей Федерацэм и цІыхубз артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Темыркъан Борис Хьэту и къуэр** дунейм зэрехьэжар икІи абы и Іыхьлыхьэмрэ и благъэхэмрэ яхуогуэвэ.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 27, щэбэт

♦Аудиовизуальнэ щІэиныр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦Гимнастикэм и урысейпсо махуэщ

♦Тыркумэн Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ. 1924 гъэм Тыркумэн ССР-р къызэрагъэпэщащ. 1991 гъэм республикэм и Совет Нэхъыщхьэм я къэралым и щхьэхуитыныгъэм теухуа унафэ кьищтащ. Абы илъ кІэ ІкІэ Тыркумэн ССР-м зэреджэр Туркменистану зэрахьэкІащ.

♦1829 гъэм США-м щызэпкъраГъхьащ сабий къызэрырашэкІ гу цІыкІыр.

♦1867 гъэм Толстой Лев «Зауэмрэ мамырыгъэмрэ» романыр тхын ихуащ.

♦1895 гъэм Транссыбыр гъущІ гъуэгум и япэ Іыхьэр ухуэн яухащ.

♦1927 гъэм Москва къыщызэІуахащ ПэжьакІуэ щІалэгъуалэм я тетр нэхъыщхьэр - ТРАМ жьхуаІэу щытар. Иджыпсту ар Ленком театрырщ.

♦1940 гъэм Налшык къыщызэІуахащ Къэбэрдей, Балъкъэр къэрал драмэ театрхэр.

♦1982 гъэм Китайм щыпсэуахэм я бжьГъэр цІыху 1 мелардым щхьэдэхащ.

♦1984 гъэм Байкал-Амур гъущІ гъуэгур и кІыхьагъкІэ къагъэсэбэпу щІадзащ, мафІэгъуэр пІалъэ убзыхуам тету щызекІуэ.

♦Италием щыщ композитор **Паганини Никколэ** къызэралъхуэр илъэс 236-рэ ирокъу.

♦Урыс биолог, селекционер цІэрыІуэ, академик **Мичурин Иван** къызэралъхуэр илъэси 163-рэ ирокъу.

♦США-м и 26-нэ президент, Нобель и саугъэтыр зрата **Рузвельт Теодор** къызэралъхуэр илъэси 160-рэ ирокъу.

♦Совет актёр цІэрыІуэ, режиссёр, СССР-м и цІыхубз артист **Жаров Михаил** къызэралъхуэр илъэси 119-рэ ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Руслановэ Лидие** къызэралъхуэр илъэси 118-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, журналист **Къамбий Джэфар** къызэралъхуэр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Актёр цІэрыІуэ, уэрэджыІакІуэ, Урысей Федерацэм и цІыхубз артист **Караченцов Николай** къызэралъхуэр илъэс 74-рэ ирокъу. Вэсэмахуэ, 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м, ар дунейм ехыжащ.

♦Урысей музыкант, саксофонист цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубз артист **Бутман Игорь** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 12, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 28, тхьэмахуэ

♦Анимацэм и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м и Дзэ-Хьэуа къарухэм я дзэ авиацэм и махуэщ

♦Урысей Федерацэм щагъэлъапІэ анэшхуэхэмрэ адэшхуэхэмрэ я махуэр

♦Автомобилистым и махуэщ. Ар щагъэлъапІэ СССР-м хьыбэу щыта къэрал зыбжанэм.

♦Украинэр фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыщыІэщІагъэкІыжа махуэщ. Нэмыцэдзэхэм хьэкІэкхъуэкІагъэ куэд щызэрахьа Украинэм и щІынальэр Дзэ Плъыжьым 1944 гъэм хуит къищІыжащ.

♦Чехие къэралыгъуэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - щхьэхуит щыхьуар егъэлъапІэ. 1918 гъэм ар Австро-Венгриием къыхэкІащ икІи Чехословакие Республикэ къэунэхуащ.

♦1571 гъэм, и етІуанэ щхьэгъусэ Мари е (Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ) дунейм ехьжу илъэситІ дэкІа нэужь, Урысейм и пащтыхь Иван IV Грозным Собакинэ Марфэ нэхьыс хуригъэтхащ.

♦1804 гъэм Москва къыщызэрагъэпэщащ къалэм бжьамийкІэ псы езышэлІа япэ Іэхуущ Іапі эр.

♦1886 гъэм Нью-Йорк къыщызэІуахащ Хуитныгъэм и Статуер. Ар ищІащ скульптор Бартольди Фредерик.

♦Къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа икІи и классик **Щоджэнцыкіу Алий** къызэралъхуэр илъэси 118-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, УФ-мрэ Украинэмрэ я цІыхубз артист **Виктюк Роман** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Юридическэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик **Мысрокъуэ Замир** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ хьэрычэтыщІэ, Microsoft корпорацэм и къызэгъэпэщакІуэ, дунейм щыпэ щхьэ къулей дыдэхэм ящыщ **Гейтс Билл** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Журналист, Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием (ВГТРК) и унафэщІ **Добродеев Олег** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Америкэ киноактрисэ цІэрыІуэ, «Оскар» саугъэтыр пІэнейрэ зыхуагъэфэща, нэгъуэщІ саугъэт куэдми я лауреат **Роберт Джулие** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 16, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 29, блыщхьэ

♦Инсультым пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ

♦Тыркум щагъэлъапІэ Республикэм и махуэр. 1923 гъэм а къэралым и Конституцэм зэхьэзэкІныныгъэхэр халъхьащ, Уэсмэн империер зэрыщымыІэжьыр, Тырку Республикэ къызэрыунэхуам теухуауэ.

♦Сербием и Конституцэр къыщащта махуэщ (2006 гъэм)

♦Комсомолыр къыщызэрагъэпэща махуэщ. 1918 гъэм лэжьакІуэ, мэкъумэшыщІэ щІалэгъуалэм я союзхэм я I съездым унафэ къыщащтауэ щытащ урысейпсо зэгухьэныгъэ къызэрагъэпэщыну. 1924 гъэм абы Лениным и цІэр фІащащ, 1926 гъэм ВЛКСМ жиІэу зэрахьэхьакІащ. Илъэс 73-м кхриубыдэу а зэгухьэныгъэм хэтащ цІыху мелуани 160-м щигъу.

♦1922 гъэм Москва къыщызэІуахащ Революцэм и театрыр. Иджы ар Москва Маяковскэм и цІэр зэрихьэу дзт академическэ театрырщ.

♦1943 гъэм Налшык ФЗО школ къыщызэІуахащ.

♦1944 гъэм советыдзэхэм щІадзащ Венгриием и хьалащхьэ Будапешт хуит къэщІыжьыным теухуа зауэшхуэм. Ар 1945 гъэм мазаем и 13 пщІондэ екІуэкІащ.

♦Америкэр зэрыщыІэр япэу къэзыкъута **Колумб Христофор** къызэралъхуэр илъэс 567-рэ ирокъу.

♦УФ-м и къэрал лэжьакІуэ, политик, щІэныгъэлІ цІэрыІуэ, академик **Примаков Евгений** къызэралъхуэр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦АР-м и цІыхубз тхакІуэ, УФ-мрэ АР-мрэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Пэнэф Сэфар** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Юрист, тхакІуэ **Сэрахъэ Александр** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щыІэ зиІэ и артисткэ **Балъкъэр Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬэКІэмыХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Унэр зейр жьантІакІуэщ.

Зеикъуэдэс пщащэм Испанием уэрэд щыжиІэнущ

Ставрополь крайм и Лермонтов къалэм мы махуэхэм щекІуэкІащ эстрадэ уэрэд зыгъэзащІэ, зытх ныбжьыщІэхэм папщІэ ирагъэкІуэкІ «Голоса, исцеляющие Планету» зэпеуэм и кІэух Іыхьэр. InterKent Festival дунейпсо фестивалым хьыхьу.

БАХЪСЭН районым щыщ ныбжьыщІэхэу уэрэд жыІэнымкІэ егъэджакІуэ Ахъмэт Эльвирэ и нэІэм щІэтхэр зэпеуэм пашэ щыхъуауэ, саугъэтхэр къыщахьхуащ.

Къэпщытакіуэхэм яхэтт профессорхэмрэ доцентхэмрэ, къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм эстрадэ, джаз уэрэдхэр жыІэнымкІэ я егъэджакІуэхэр, продюсерхэр, композиторхэр, уэрэдусхэр, макъамэ гъуазджэмкІэ студиехэм я егъэджакІуэхэр.

Гран-При саугъэтыр къихьащ Зеикъуэ къуажэм щыщ, илъэс 11 хъу Шурдым Мэжджэ. Зэхьэзэхуэм и саугъэтхэр къыхуагъэфэщащ Мэжджэ Темболэт, Къырдзэ Арманнэ, Соблиф Самирэ, Нэгъуэй Мурат сымэ. Миленэ иджы и зэфІэкІ щеплъэныныщ зэпеуэм и дунейпсо Іыхьэу 2019 гъэм мэкъуаугъэм Испанием щекІуэкІынум.

Зэпеуэр къызэзыгъэпэщахэм «ЕгъэджакІуэ нэхъыфІ» щІыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ Ахъмэт Эльвирэ. Шурдым Миленэ илъэс куэд хуауэ уэрэд жьІыным хуэзыгъасэ егъэджакІуэм зэрыжиІэмкІэ, къэпщытакІуэхэм тепъыдэжэ ящыхьуащ хъыджэбз цІыкІум и макъыр.

ЧЫЛАР Аринэ.

1918 Гупсысэхуэ зиІа зэгухьэныгъэ 2018

ГъащІэм и зы ІыхьэфІ

Лениным и цІэр зезыхьэ Союзэпсо коммунист щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэр (ВЛКСМ) илъэси 100 ирокъу.

КОМСОМОЛЫР 1918 гъэм жэпэгъуэм и 29-м кІыщыззрагъэпэщат рабочэхэмрэ мэкъумэшыщІэ щІалэгъуалэмрэ я зэгухьэныгъэхэм я Езанэ Урысейпсо Зэхуэсым. 1924 гъэ пщІондэ абы ЩІалэгъуалэм я Урысей коммунист зэгухьэныгъэкІэ (РКСМ) еджэу щытащ. Ленин Владимир дунейм ехыжа нэужь, Лениным и цІэр зезыхьэ Урысей коммунист щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэ абы фІащащ, 1926 гъэм щыкІэнджэуэ зэбграгъэкІыжыкъ - ВЛКСМ-щ. Абы хагъэхьэрт илъэс 14 - 28 ныбжьым иткхэр.

Комсомолыр я пашэт Хьдзэ, Дзэ-хьэуа къарухэм (1931 гъэм къыщыщІэдзаугъэ). Абы и нэІэ щІэтт мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхущ щІалэхэр ухуэнри. Зэгухьэныгъэм къыхуагъэфэщащ Лениным и орденищрэ (1945, 1948, 1956 гъгъ.), Октябрь Революцэм (1968 гъэм), Зауэм и Бэракъ Плъыжь (1928 гъэм), Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь (1931 гъэм) орденхэмрэ.

Абы и школым пхыкІащ Совет Союзым и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ, ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарь (1988 - 1992 гъгъ.)

Комсомол лэжьыгъэм зыщрагъэужьым къыщыщІэздзащ сэри, Іуащхьэмахуэ районым щыІэ комсомолхэр щатх къудамэм сриунафэщІу. Мыгувэу комсомолым и Іуащхьэмахуэ район комитетым, итІанэ комсомолым и Налшык къалэ комитетым я етІуанэ секретару сыхахат. Абы къыхэкІыу, комсомолым и республикэ комитетым и нэхъыщхьэу сагъэувыну къыщысхуагъэлъагъуэм, а лэжьыгъэм хъарзынэу хэсщІыкІ хъуат. Пединститутымрэ Парт школ нэхъыщхьэмрэ я дипломхэр зыІэрызгъэхьагъэхэхт.

АПХУЭДЭ къулыкъу лъагэ бзылъхугъэм къратыныр си дежь къыщежьатэкъым. Къэбгъэлъагъуэмэ, си япэкІэ комсомолым и щІыналъэ комитетым и унафэщІу лэжьат Уэрсей Фаинэ.

Сыхуейитэкъым зыгуэрхэм къащыхьуну 1960 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр щІалэгъуэм бзылъхугъэхэм Іэнатіэшхуэ ирату щымытауэ. А зэманми иужь илъэсхэми реубликэм и Іэтащхьэ щыта Мэлбахъуэ Тимборэ унафэщІ Іэзэм и мызакъуэу, цІыху Іущт, тегушхуэурэ бзылъхугъэхэм къулыкъу инхэр ящытыр. Абы къыгурыІуэрт цІыхубз унафэщІым и фІагъыр: ар нэхъ зэпІэзэрытт, жэуапльныгъэшхуэ хэлът.

Лэжьыгъэр комсомолецхэм сыт щыгуэри ди куэдт. ЗэрыжаІэщи, дыщІалэт, ди къару илъыгъуэти, ди мурадхэми къахэхъуэ зэпытт. Хэку зауэшхуэм зэхихьуа щыналъэр зэфІагъэувэжьын папщІэ 1950 гъэхэм лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІырт. Къэбэрдей-Балъкъэрым Іуихьж нартыхэм я бенгъыбмрэ фІагъыбмкІэ къэрал псом щыцІэрыІуэт. Комсомол щІалэгъуалэ гупхэм зы щы гектарым центнери 100-м нэс къытрахыжьырт. Иджыпсту абы куэд къыбжимыІэми, а зэманым комсомолецхэм мыхьэнэшхуэ ираты нартыхэу лІэужьыгъуэ нэхъыфІхэр нэхъыбэу зрагъэхъулІэнхьи. Агрономым нэхъ рэ мыжьхьакІэу, комсомолецхэм я пашэхэм хащІыкІыкрт нартыхэу лІэужьыгъуэхэм.

Ди щхьэми Хэкуми дыхуэпэжт

1960 гъэхэм пщІондэ республикэр нэхъыбэу мэкъумэш щыналъэу щытащ. Щыхьэрым щыпсэур цІыху мини 100 хэдиз къудейт, абы щыщыр нэхъыбэр адэкІэ-мыдэкІэ къыкІэ Іэщлагъэлпхэр араbyэ. Налшык къалэм промышленностым зыщегъэужьым зэрыхуейр къызыбгъэдэкІар Мэлбахъуэ Тимборэщ. Республикэм жьыджэру щаухъэн щІадзащ заводхэмрэ фабрикэхэмрэ. А Іуэхум япэ иту елэжьахэм ящыщщ комсомолым щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр. ВЛКСМ-м и щІыналъэ комитетым елхъуэ комсомол ухуакІуэхэм я штаб къызэІуахат, абы республикэ псом къикІ щІалэгъуалэр къекІуалІэрт. Иджыпсту «Искож» комбинатыр здэщыт щІыпІэм деж къыщыунэхуат шатыру зэхэт «къалэ цІыкІу». Махуэр уэфІми пшагъуэми, зыми емыльытауэ, лэжьакІуэ псори къыдэкІырт. Апхуэдэу зэфІагъэувэрт «Искож» комбинатри, «Телемеханика» заводри, нэгъуэщІхэри. А псом къыдэкІуэу ящхуэрт лэжьакІуэхэм я общежитхэр. ИкъуэкІэ зэман телъыджэт.

Республикэм щаухуэ а Іуэхущ-ІэхэмІ щылэжьэну Іэщ-лагъэлІхэр ягъэхьэзырын щІадзащ. 1960 гъэхэм икуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым, мэкъумэшым и мызакъуэу, промышленности кьехъулІэ хъуащ. Абы я фІыщІэ хэлъщ комсомолецхэми щІалэгъуалэми. А зэманым лэжьыгъэм пщІэшхуэ иІащ. Махуэр тхуримыкъуу дылэжьэнут, дгъэсэнут ди ужь ит щІэблэри.

Сыт щыгуэри си гуапэу сигу кьызэгъэкІыж абы щыгуэм си насып кьрихьэкІыу сыкьызыдзэгъуэгурыкІуа цІыхухэр: пионерхэм я пашэу къыщІэзыдзэу, урысейпсо пионер зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къудэзу лэжьэну зыхуэзфІэкІа Зумакуповым Борис, Хьэжу Анатолэ, Къуэжей Іуматджэрий, Бозий Борис, Белоусов Николай, Болуев Аниуар, Дыду Владимир; а зэманым ди Іуэху еплъыкІэхэр кьыддиныгъуу, щІалэгъуалэр гъэсэным гулъытэшхуэ хуэзышІу къэкІуэкІа «Советская молодежь» газетым и редактору лэжьакъуэ Исмэхьил Алийрэ Кіасэ Чэмалрэ. Сэ фІыщІэ хузощІ ди зэманым ар зи нэІэ щІэт Къэрдэн Мухьэмэди, щІэблэм сэбэп яхуэхъу газетыр зэрихьумэфам папщІэ.

Комсомолыр гупсысэшхуэ зиІа зэгухьэныгъэщ. Нэхъыщхьэу ар зыхущІэкъуар цІыхухэм я Хэкур фІыуэ егъэпытагъуныр, абы хуэгъэлэжьныр. ЩІалэгъуалэ куэдым ар гъащІэ дерс яхуэхъуащ, фІымрэ пэжыгъэмрэ тету ирипсэун хуэдэу. Ди мурадкэр къызрыдэкъуІэнур абы ди фІэщ ищІыфыт, икІи ди щхьэми Хэкуми сыт щыгъуи дыхуэпэжащ. Абы уригушхуэ хъуну кьызэлъытэ.

СЭБАНШЫ Роза,
ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ комитетым и япэ секретарь (1960 - 1963 гъгъ.)

НыбжьыщІэхэм я еджапІэ лъэщ

Гъэсэныгъэ, лэжьыгъэ, политикэ я лъэныкъуэкІэ еджапІэ лъэщу щыта. Лениным и цІэр зезыхьэ союзэпсо коммунист щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэр илъэси 100 зэрырикъур мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэщ абы пхыкІа цыху мелуанхэм я дежкІэ. А илъэсхэр дигу кьыщыдгъэкІыжкІэ, Іэмал имыІэу хуабагъэ, гуапагъэ гуэр зыхьдощІэ. Комсомолым гъащІэм къыщытхуэсэбэпын акъылрэ зэфІэкІрэ къыдитати, ди къару кьызэрихькІэ сэбэп дызэрыхъуным зэпымыууэ дыхущІэкъуащ.

ВЛКСМ-м и къудамэ нэхъ пажэхэм сыт щыгуэри ящыщу щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолыр. КПСС-м сыхьыкьагъащІэу, 1962 гъэм и щэкІуэгъуэм Совет Армэм сыкьикІыжри, Дзэлыкъуэкъуажэ сыкІуат партым и учётым сыуныну. Абы и унафэщІыр си дэфтэрхэм щыхэплъэм, партым и район комитетым и етІуанэ секретарь Мэшыкъуэ Б. Ш. и дежь сыкІуэну кьызжиІащ.

Армэм дызэрыщагъэсам хуэдэу фІэхъусэр схыри, сыщІэкІуар жесІащ етІуанэ секретарым. «Дзэ къулыкъур къэбухащ, къыпхуагъэфэща дамыгъэхэм я тепщІыхьмэ, мыІейуэ. Уи фащэр зыщыхьжи, комсомолым и район комитетым уэзрыщыпхэжьмэ хуэдэу зыгъэхьэзыр», - кьызжиІащ абы. ЩІалэгъуалэ Іэхуэхэм я тепуэхуэу къэжьыгъэшхуэ зэгъэкІуэкІатэкъым. Ауэ школым и комсомол зэгухьэныгъэм и секретару сызэрыщытамрэ комсомолым и полк комитетым сызэрыхэтамрэ си псэльэгъур щызгъэгъуэзащ.

Зы тхьэмахуэ хуэдэкІэ зызгъэпсэхужьну сельэІури, апхуэдэу 1962 гъэм и дыгъэгъазэм къыщыщІэдзауэ республикэм и комсомол лэжьыгъэм сыхьыхащ. ВЛКСМ-м и Дзэлыкъуэ район комитетым и япэ секретару сыльэжьащ, 1967 гъэм и жэпэгъуэм комсомолым и обкомым и етІуанэ секретару сыхахащ. Илъэситху дэкІри, ВЛКСМ-м и обкомым и япэ секретарь къулыкъур кьыхсхуагъэфэщащ. А Іэнатіэм сыпэрытыху (1979 гъэ пщІондэ), иужь ситащ зи дзыхь кьыззэзыгъэзахэр зэрызмыгъэзІэхъуными, щІалэгъуалэм дэІэпыкъуэгъу сазэрыхуэхъуными.

Комсомол лэжьыгъэм кьетшалІэр илъэс 14 - 28-м и щІалэгъуалэрати, абы кьызэщІиубыдэрт комсомол школ зэгухьэныгъэхэри еджапІэ нэхъыщхьэхэм я гупхэри. БгъэдыхьэкІэ зырызкІэ ахэр жьлагъуэ лэжьыгъэм дегъэхьэжьын хуейт. Апхуэдэ зы Іэмалу комсомолым кьигупсысат нартыкъу бэв Іухьжьнымкіэ, гъэш нэхъыбэ кьэлэжьынымкіэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр зэпегъэуэныр. ФІэщщІыгъуеймри, абы щыгъуэм щІы зы гектарым нартыхуу центнери 100-рэ нэхъыбэрэ кьытезыхьу щыта комсомол-щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр ди мащІэтэкъым. Апхуэдэ гупхэм я пашэт, псалъэм папщІэ, Прохладнэ районым Чапаевым и цІэр зезыхьэ и колхозым и тхьэмадэ Къъуэтепыхэ Мухьэмэд, «Заря коммунизма» (Тэрч район) колхозым и унафэщІ Дадэ Хьэмыті э, комсомолым и обкомым и бюром хэт, «Красный Кавказ» (Баксэн районы) колхозым и нэхъыщхьэ Гъут Хьэмидбий, нэгъуэщІхэри.

Колхозхэм епха школхэм ныбжьыщІэхэр нартыху гъэкІыным и щэхухэм щыхагъэгъуазэрт. Дерсхэм кьраугъэблагъэрт Нартыху гъэкІынымкІэ институтым и щІэныгъэлІхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым мэкъумэш Іэнатіэмкіэ и факультетым и Іэщ-лагъэлІхэмрэ. Апхуэдэ зэдзлэжьэкІэм и фІыгъэкІэ нартыху зыгъэкІ ди щІалэгъуалэм илъэс кьэс я Іэзэгъэн захъэхуэрт, урысейпсо зэхьэзэхуэкъэм щытекІуэн яхуэзфІэкІыкрт. Іэщ, бжэн зыгъэхъу комсомол щІалэгъуалэ фермэхэми гъэшІэмкІэ, ягъэхъу Іэщым и бжыгъэмкІэ, мэлыщу кьытрахымкІэ ехьэлІэныгъэфІэхэр кьагъэлъагъуэрт. А зэманым куэдым я гуащІэм кьыпэкІуащ ВДНХ-м и ЩІыхь тхьилъэмрэ ВЛКСМ-м и ЦК-м и дамыгъэхэмрэ.

Сигу кьокІыж ВЛКСМ-м и щІыналъэ къудамэм и етІуанэ секретару сыщыщІылэжьам, Шэрэдж районым и «Путь коммунизма» колхозым и мэл фермэм и унафэщІ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхьужь Аттоев Сэлихь си гъусэу, мэкъумэш Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр щагъэлъагъуэ ВЛКСМ-м и ЦК-м кьызэригъэпэщащ гуфІэгъуэ Іуэхум дызэрыхтар, ВЛКСМ-м и ЦК-м и дамыгъэр абы кьратауэ зэрыщытар.

ЩІалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэхъуным лэжьыгъэшхуэ ирихьэлІэрт комсомол зэгухьэныгъэм. Сэ кьыздалъхуахэм фІыуэ ящІэж Къэбэрдей-Балъкъэрым и 115-нэ щуудзэр щызэуа щІыпІэхэм республикэм и комсомолецхэмрэ щІалэгъуалэмрэ щІэх-щІэхьырэ яшэу зэрыщытар. ЩІалэгъуалэр жьыджэру хэтт «Орлёнок», «Зарница», «Кожаный мяч» спорт джэгухэм. Хэкупсэ мыхьэнэ зиІа лэжьыгъэхэм ящыщу кьыхэгъэщыпхъэу кьыщІэкІынщ ВЛКСМ-р илъэс 50 щрикъум ирихьэлІэу, Хэкум папщІэ зи псэ зыта комсомолецхэм я фэеплъыр зэращІар. Ар республикэм и комсомолецхэм я мылъыкІэ яухуауэ щытащ. Мыпхуэдэ Іуэхуэхэр зэман дахэм щыхьэт тохъуэ.

ЖЫДЖЭТ Александр,
ВЛКСМ-м и етІуанэ, япэ секретарь (1967 - 1972 гъгъ.), Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомол зэщІэхъеенныгъэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ.

ЩІыхьым и дамыгъэ

Дэтхэнэми иІэщ и гъащІэ псокІэ гукъинэж щыхьу Іуэхуэхэр. Апхуэдэ зы махуэт си дежкІэ 1965 гъэм комсомолым хагъэхьам и тхьилъыр къыщызатар.

ЗЫКЪЭЗУМЫСЫЖЫНЩИ, абы щыгъуэм си гугъакъым комсомолым си гъащІэм апхуэдэ уеблэІэщхуэ щиубыдыну. Абы пыщІауэ щыта дэтхэнэми нобэ и жагъуэ мыхъуу кьанэрхъым кьэралым щІэгъэкъуэнышхуэ и зэманым хуэхъуа щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэр зэрыщІымыІэжьыр.

Сигу кьокІыж сыкъыщалъхуа Кьэбзырф Ещанэ (иджы Дыгулыбгъуей) кьуажэм ящу щызэхэта комсомол зэхуэсыр. Абы щыгъуэм комитетым сэри сыхахьхат. Къэбэрдей-Балъкъэр къэралуніверситетым сыщІэтІысха нэужьи, комсомолым и ВЛКСМ-м и комитетым и бюром сыхэтащ. Ар кьызоуэри, Псков областым лэжьакІуэ сагъакІуэ. Совхозым и унафэщІым си дэфтэрхэм зыщигъэгъуэза нэужь, комсомол лэжьыгъэм сыкъыщысэбэпыну кьызэрилъытэр кьызжиІат. Арати, ВЛКСМ-м и район комитетым и япэ секретарым деж сигъакІуэри, иужькІэ совхоз лъэщым и комсомол комитетым и секретару сыхахащ. Пэжыр жысІэнщи, щІалэгъуалэ зэщІэхъеенныгъэм жьыджэру сызэрыхэтар мыбдеж кьыщысхуэсэбэпыжащ.

ИлъэситІкІэ абы сыщылэжьауэ, си адэр сымаджэ хьэлъэ хъури, кьэзгъэзэжащ. «Кьызбрун» колхозым и учётчикыу сыуващ. Куэд дэмыкІыу комсомолым и Бахъсэн район комитетым и етІуанэ секретару сыхахащ. Ар 1973 гъэрт.

1975 гъэм Комсомол школ нэхъыщхьэм сагъэкІуащ, си щІэныгъэм щыхэзгъэхъуэну икІи 1977 гъэм районым кьэзгъэзэжри, комсомолым и район комитетым и япэ секретарь сащІащ. А кьулыкъум сыпэрытащ 1982 гъэ пщІондэ.

КьыкІэлъыкІуэу, КПСС-м и район комитетым и кьызэгъэпэщакІуэ кьудамэм и унафэщІ кьулыкъур кьысхуагъэлъэгъуащ, нэгъуэщІ Іэнатіэхэми сыщылэжьащ.

Бахъсэн районым и комсомол зэгухьэныгъэм и Іэхухуэмкіэ кьэдгъэзэжмэ, ар кьыщыкъуэуэ яБжыр илъэс нэхъ гугъуэхэм ирихьэлІа 1923 гъэращ. Бахъсэн щІыналъэм комсомолым и лъабжьэр щызыгъэтІылъа щІалищым кьыщІадзэри, 1925 гъэм ирихьэлІэу абы щІалэгъуалэ 250-м нэс хьыкат.

Кьапащтэмэ, 1920 гъэхэм зи щІалэгъуэр ирихьэлІа комсомолецхэр псом япэу еуваІэрт колхоз Іуэхум, жьджэру елэжьырт цІыхухэм я щІэныгъэншагъэм. Бахъсэн щІыналъэм и комсомол зэгухьэныгъэр зэхэзышэхэм я щІэ кьисІуэну сыхуейт: Усенкэ Сергей, Белоконов Наталье, Жиленкэ Николай, Лакш Христина, Лешенкэ Татьянэ, Угнич Николай, Костюков Николай.

Япэ илъэситхухэм комсомолецхэр жьыджэру щылэжьащ Кавказ Ищхьэрэм и япэ энергетикэ Іэнатіэр ухуэным - Бахъсэн ГЭС-м.

1937 гъэм районым и щІалэгъуалэ гупхэм хэту лажьэрт хъыджэбз 236-рэ. Бахъсэнеинкэ щыщ Хьэткъуэ Хьэкіунэ гуп нэхъ пашэ дыдэр и нэІэ щІэтт. Нартыху бэв кьызэрырахьэлІам папщІэ, абы зэрыдэ машинэ кьыхуагъэфэщат. А илъэс дыдэм Кьызбрун Етіуанэ (иджы Исльэмей) кьуажэм щыщ Хьэжэр Сатіэ районым гуэдз нэхъыбэ дыдэ кьыщилэжьат - зы гектарым центнер 36-рэ хуэзэу.

Хэку зауэшхуэм и зэманым ди районым щыщ цІыху 6200-рэ лІыгъэ зэрахьэу ящІэщІэтащ нэмыцэ зэрыпэхуакІуэхэм. 3500-м щІигъур хэкІуэдат.

1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м Бахъсэнёнкэ щыщ, илъэс пщыкІубгъу хъуа комсомол Тхьэмыптіокъуэ Хьэмид лагъым зыкІырилъхьэри, бийм я танкым зыпэщІидзат, гуп зыхэтым игъэзэщІэн хуей унафэр апхуэдэ щыкІэкІэ кьариГъэхъулІэну.

Куба кьуажэм щыщ, гвардием и капитан Тхьэкіумащіэ Андулыкъ илъэситІым кьриубыдэу 415-рэ лъэтащ, бийм я кьэхъьлъатэу 11 кьриудыхащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, 1943 гъэм шыщхьэуІуэм и 25-м ар зауэм хэкІуэдащ. Лениным и орденымрэ Бэракъ Плъыжь и медалиплІрэ кьыхуагъэфэщащ Андулыкъ.

Комсомолецхэм я Іуэхущхуэхэм пащащ 1950 - 1970 гъэхэми. Ахэр губгъуэхэм, фермэхэм, ухуэныгъэхэм щылажьэрт.

«Красная Кабарда» мэкъумэш Іуэхущ Іапіэм щыщ жэмыш Къаскъуэл Мусльымэт комсомол щІалэгъуалэ фермэм 1952 гъэм лэжьэн щыщІидзатэри, 1955 гъэм абы «КъБАССР-м и жэмыш нэхъыфІ» - щІэр кьихьыну хуэзфІэкІат. Куэдым ящІэж, комсомолым и гъэсэн, жэмыш Пащты Салимэ 1960 гъэм Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь щІэр кьыфІащауэ зэрыщытар. Абы щыгъуэт Лениным и орденымрэ Дыщэ Вагъуэмрэ. Республикэм и щІыхьэхэм ящыщу апхуэдэ пщІэ япэу кьызыхуаІар ар ащ.

1978 гъэм ди районым и комсомол зэгухьэныгъэм, илъэс етІуанэ хуауэ абы щыгъуэм сызиунафэщІым, цІыху мини 7-м щІигъу кьыхьыхат. А зэманым республикэ псом хэІуат гъавэ бэв кьызэхъулІа ди цІыхухэр: Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь орденыр, Лениным и цІэр зезыхьэ комсомолым и саугъэтыр зыхуагъэфэща, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат, Студентхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я дунейпсо фестивалымрэ ВЛКСМ-м и зэхьыхьэмрэ щыІа Гъут Хьэмидбий, орден зыхуагъэфэщахэу Чылар Борис, Хьэмыку Жырасльэн, Жанатаев Анатолий, Кьалмыкъ Тимборэ сымэ, нэгъуэщІ куэдри.

«ЩІыхьым и дамыгъэ» орденым и нагъыщіщри ящрата Тембот Льостэнащ, Лениным и орденхэр зыхуагъэфэща Къэмжу Шэмхьун, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат Ныр Хьэсэн сымэ я нэІэм щІэт комсомол фермэхэр республикэм щынэхъыфІхэм ящыщ мызэ-мытІэу хъуащ.

Дауи, а зэманхэм комсомолым хэту жьыджэру лэжьа псоми я щІэ кьыпхуиІуэнукъым. Ауэ, сызэрелпъращи, комсомолым зи ГъащІэр зымащІэкІэ фІэкІа нэхъ мыхъуми епхауэ щыта цІыхум насыпифІэу зибжьыж хъунущ.

ЗЕУЩЭ Хьэмид,
ВЛКСМ-м и Бахъсэн район комитетым и япэ секретарь (1977 - 1982 гъгъ.)

Хэкум папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым мы махуэхэм щокІуэкІ ВЛКСМ-р кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур щагъэлъагъэ дауэдапщэхэр. ГуфІэгъуэ Іуэхугъуэхэр жэпуэгъуэм и 24-м сыхьэт 12-м щыублащ Хэку зауэшхуэм хэкІуэда комсомолецхэм я фэеплъу Налшык дэтым деж.

ПэкІум кьрихьэлІат щІыналъэм и комсомол зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм илъэс зэхуэмыдэхэм жьыджэру хэтахэр, республикэм и районхэм, кьалэхэм я лЫкІуэхэр, кьалащхьэм дэт еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр, курыт школхэм я класс нэхъыжьхэм щеджэхэр, юнармеецхэр.

Зэхуэсыр кьызэІуихащ икІи ирегъэкІуэкІащ Комсомолым и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и пашэ Жьыджэт Александр. Абы и жэрдэмкІэ, кьызэхуэсахэр дакъикъэкІэ яхуэщыгъуащ Хэку зауэшхуэм хэкІуэда комсомолецхэм. Иужькіэ нэхъыжьыфІыр кІэщІу кьытеуэвыІащ комсомол зэгухьэныгъэм къэралым и тхыдэм щиубыда уеблэІэм мыхьэнэшхуэ ноби эзриІэм.

Комсомолым хэтахэу Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьа нэужь, апхуэдэ дыдэ пщІэ кьызэхуэсахэм хуащІащ Афганистаным хэкІуэда ди зауэлІхэм я фэеплъымрэ «Зауэ щІыхьым и къалэ» стеллэмрэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ЩІыщІэхэр кьаІэтхэм пэжыжьэт Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Ауэ комсомолым хэтхэр гугъуехьым кьриГъэкІуэтынут, партым кьыхуриждамэ?

ПСЭУКІЭЩІЭ щаухуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ комсомолецхэри жьыджэру а Іуэхум хэлэжьыхьащ. Абыхэм ящыщт Тэрч районым и цІыхухэри.

Илъэсищкіэ (1956 - 1958 гъэхэм), зэ кІуэгъуэ къэс мазищ-плІы сыщыІэу, сыщылэжьащ сэри абы, комсомол бригадэм срипашэт. Зэрыгурыуэгъуэщи, къыдатырт абы дызэрыкІуэм щыхьэт техъуэ комсомол тхылъхэр (путёвкэхэр).

Ди щІалэгъуэти, дэ а псор тфІэтелъыджэт. Ауэ щыхьэкІи, щІыщІэхэр къэІэтыныр гугъуехьышхуэ зыпылът. ИтІани, етІуанэу, ещанэу тедгъаззэрт. Уэрэдым зэрыщыжьыам хуэдэт: «Партым жиІамэ, щІэн хуейщі!»

Комсомолецхэм я гуащІэдэкІыр гулъытэншэ ящІакъым къэрал унафэщІхэм. Зэгухьэныгъэм къыхуаІуэрт Лениным и орден ещанэр. Апхуэдэуи комсомолым хэт мин бжыгъэкъэ къэрал дамыгъэхэмкІэ ягъэлъэпІат. Абы щыгъуэм орден кьыхуагъэфэщат ди лъахэгъу Щомахуэ Руслани. Сэ медалитІрэ ВЛКСМ-м и ЩІыхь тхылъымрэ къызатат.

ЩІыщІэхэр кьэІэтыным я гуащІэ халъхьащ Хьэжу Анатолэ, Тэрчокъуэ Мухьэмэд, Нэгъуэй Александр, Кьанкъуэщ Михаил, нэгъуэщІхэми.

Сытыт тщІэр? Сыти тщІэрт? ГуфІэуэ, тафэ нэщІхэм псэуКІэр щызэтедублэрт: унэхэр, Іуэхущ-ІапІэхэр духуэрт, псыр кІуэцІрытшырт, комбайнхэмкІэ дылажьэрт. Ягъэ ильэсым щэтырхэм дыщІэсамэ, етІуанэм вагонхэм дыщыпсэу хъуат, ещанэм - унэ Іэхуитпъэхуитхэм дыщІэтІысхат...

1956 гъэм «Нововадимирск» совхозым гъавэр щыІутхьжащ. ГъэщІэгъэнрати, а зым къэралым ирищэфат гъавэ пут мелардитІым щІигъу. Тэрчым щыщ комсомолецхэр щылэжьащ «Къарэ-Су», «Каракальский», «Маяковский», «Любимовский» совхозхэми, нэгъуэщІхэми.

А пІалъэр дэтхэнэ зыми и дежкІэ ІьапІэ дыдэт. ЩІыщІэхэр кьэзыІэта комсомолецхэм я гъащІэр хьэлэмэту адэкІэ уха хъуат: Хьэжу Анатолэ партым и Тэрч район комитетым и кьудамэм и унафэщІт, арэдыдэм сэри инструктору сыщыІэт. Тэрчокъуэ Мухьэмэд Тамбов курыт еджапІэм и унафэщІ ящІат, Нэгъуэй Александр - «Тэрч» газетым и кьудамэм и унафэщІу, Щомахуэ Руслан Іэщ щагъашхэ тэрч совхозым и инженеру, Кьанкъуэщ Михаил шоферу лэжьащ. Иужькіэ нэгъуэщІ Іэнатіэхэри диІащ.

КЪЕР Михаил,
комсомолым хэт гупым я бригадир (1956 - 1958 гъгъ.)

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Псалъэжьхэр

Ямыгъэ1у зэхахыркъым

♦**Шхырыджэгу ныбалъэ, гъаблэ хъумэ, щхьэпІыж.**
♦**Шыщіэ къамылъхуам уанэ трелъхьэ.**
♦**Гъунэгъур унэгъущ, къигъунэгъужыр гъунэгъущ.**
♦**Закъуэныгъэ нэхърэ - Іэл къыбдис.**
♦**Зэдэшхэ Іэфіщи, зэдэфі унэщ.**
♦**Зэкъуэш псори зы анэм къилъхуркъым.**
♦**Хъуэжэ и бэщмакъыу, зыкърегъанэ.**
♦**Шынэ зиІэм укІытэ иІэщ.**
♦**Хъумэ, зыфІ, мыхъумэ, фІитІ.**
♦**Ямыгъэ1у зэхахыркъым.**
♦**Псы Іуфэм Іусым псы икІыпІэр ещІэ.**
♦**Хъунщіэнрэ къуентхъынрэ зыщ.**
♦**Хьэ бзаджэ тІысыпІэнэщ.**
♦**Шым и лъакъуэ и бийщ.**
♦**УпщІэ и анэ фІэрафІэщ.**
♦**Хамэ дагъуэр лъагъуэафІэщ.**

● Шхыныгъуэхэр

Прунж хьэнтхъупс, кІэртІоф хэлъу

Прунж лъэсар шыгъу зыхэдза псы къэкъуальэм хакІутэ, зэІащІэурэ. Тхъурымбэр къытрахыурэ дакъикьих-блыкІэ ягъавэ. ЗэпэплІимэ цыкІуурэ упщІэта кІэртІофыр халъхьэри, зэІащІэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ. ИтІанэ мафІэр щабэ ящІ, шыуанащІыкъэ трапІэри зэззэмызэ зэІащІэурэ дакъикьэ 20 - 25-кІэ ягъавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсым бжьын гъэлыбжьа традзэри, шыуаныщхьэр тепІауэ дакъикъитху-хыкІэ щагъэт. Іэнэм пщтыру трагъэувэ, къуэнтхъурей трапхъэри. ЩІакъэуэ е лэкъум даших.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):
Псыуэ - г 700
Прунжу - г 30
КІэртІоф укъэбзауэ - г 50
Къуэнтхъурейуэ - г 10
Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз
Бжьын гъэлыбжьам:
Тхъууэ - г 20
Бжьын укъэбзауэ - г 20
Шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

Щынэл, Іыхьэурэ гъэжьауэ

Щынэлыр грамм 250 - 300 хъу Іыхьэурэ яупщІатэ е зэпауд къупщхьэр зэрыхэлъу. Тепщэчышхэм иралъхьэ, шыгъу, шыбжий сыр траудэ, фІыуэ зэІащІэри, шыгъур Іым хыхьэн щхьэкІэ, и щхьэр тепІауэ дакъикьи 10 - 15-кІэ щІыпІапІэм ягъэув. ТебэмкІэ тхъу къаГъэплъ, зэпэщІэхауэ абы иралъхьэ лы Іыхьэ шыуахэр, тебащхьэр трапІэжри, мафІэ инкІэ ягъажьэ зы лъэныкъуэр тхъуэплъ дахэ хъуху. Лы Іыхьэхэр зэрагъэдзэкІ, Іупщіэурэ упщІэта бжьыныщхьэ щІалъхьэ, лы лъабжьэм нэхъ ягъакІуэурэ. МафІэр цІыкІу ящІри, тебащхьэр тепІауэ ягъажьэ, зэззэмызэ зэІащІэурэ. Щынэл жьам мэ гуакІуэ къыхихыу, и тепІэжкІи тхъуэплъ дахэу, щабэу, мыгъущэу щытын хуейщ. Тебэм зэрилъу, Іэнэм пщтыру трагъэувэ. Даших пІастэ е мырамысэ хуабэ. Шэ хуабэ трафыхьыж.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):
Щынэлу - г 600
Тхъууэ - г 100
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 150-рэ
Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхынытъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Бахъсэн щІыналъэ

Лъэпкъ хабзэм щІапІыкІ

Къубэ-Тэбэ дэт пэщІэдзэ еджапІэсабий гъэсапІэм гъавэ Іухыжьигъуэм ирихьэлІэу махуэшхэм ящрагъэкІыжащ. «КІуэдыжмэ си адыгэбзэр, хэкІыпІуэ си адыгэпсэр» лъэпкъ щІыналъэ проектым ипкъ иткІэ.

АБЫ ирагъэблэгъащ Бахъсэн щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ **Балькъыз Артур**, КъБР-м цІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм Лъэпкъ егъэджэныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІ **Табщ Мурат**, министерствэм и лэжьакІуэхэм я Іэщ1агъэм зэпымыууэ хагъэхъуэныкІэ и центрым и унафэщІм и къуэдзэ **Кравцовэ ФатІимэ**, Бахъсэн щІыналъэ администрацэм егъэщІылІауэ лажьэ егъэджэныгъэмкІэ жылагъуэ советым и унафэщІ **Къаздэхъу Олег**, егъэджэныгъэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я профкомым и Іэтащхьэ **Молэ Хьэсен**, Бахъсэн щІыналъэм Егъэджэныгъэмкіэ и управленэм и унафэщІ **Абрэдж Тамарэ**, нэгъэщІхэри.

ЦІыкІухэм хьэщІэхэм ирагъэлъэгъуащ адыгэ фащэ екІуэхэр, лъэпкъ хабзэ дахэхэр, джэгукІэ гъэщІэгъуэнхэр, шхыныгъуэ Іэфіхэр, адыгэ унагъуэм къыщагъэсэбэп хьэпшыпхэр, апхуэдэуи уэрэдхэр жаІащ.

Махуэшхуэм и къызгъэпэщакІуэхэм къыхагъэщащ апхуэдэ зэІущІэхэм ныбжьыщІэхэр куэдым зэрыхуагъасэр, лъэпкъ щэнхабзэм зэрыщІапІыкІыр, гъэсапІэм щІыззэхаххэмрэ щалъагъуэхэмрэ гъащІэм къыщагъэсэбэпу зэресэр. Мы проектыр 2018 гъэм и мазае лъандэрэ мэлажьэ, абы мыхьэнэщхуэ иІэщ къыдэкІуэтей щІэблэм и лъэпкъ хабзэмрэ зэхуэмрэ ихъумэжу къагъэхъуныжмкІэ, хэкум бгъэдэлъ хьэгъуэфІыгъуэ псори зэгъэщІэным хуэпабгъэу егъэсэныжмкІэ.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн щІыналъэм и администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІ.

● Израилым къикІ хъыбар

Адыгэр дэнэ щымыІэми, зекІуэныр къыщохьэ

«Ford Epic Israel 2018» зи фІэщыгъэ дунейпсо лъакъуэрыгъажэ зэхьэзэ-хуэм мы гъэм Израилым щыпсэу адыгэ щІалэ 16 хэтащ.

МЫ ЗЭНЫКЪУЭКЪУР илъэс къэс хамэ къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм щокІуэкІ - 2018 гъэм ар Израилым къыльысащ. Лъакъуэрыгъажэм тесхэм къыщажьы-хьащ Иерусалим - щІыналъэм лъапІэу ялъытэ щІыпІэхэм я Іуащхьэм. Абы щІыху 200-м щІигъу щІызэныкъуэкъуащ, тІуры-тІу загуэшурэ щІызэпеуащ.

Ди адыгэ лІыхъужьхэм абы зыкъыщагъэльэгъуащ жьджэру, лІырэзехьэу. Махуищым къриубыдэу километр 250-рэ хуэдиз къызэпачащ абыхэм, метр 500 зы лъагагъ щІыпІэм къыщежьэри, лъакъуэрыгъажэкІэ къехащ.

А зэныкъуэкъум хэта адыгэ щІалэхэу япэу къэсыжакэщ Щэджащэ Сэусэрэр Щэуджэн Мусэрэ.

ІЭПЩЭ Рустам.
Кфар-Камэ, Израиль

● Чэнджэщхэр

Бдзэжьеимэр егъэкІуэд

Пхъэщхьэмыщхьэ компот щыбгъабэкІэ, шыгъу тІэкІу хэфпльхьи, фошыгъуу ихьыгнур нэхъ мащІэщ.

* * *

Кхъуейльалъэр гуащІэ хъуамэ, шэм зы сыхьэт хуэдэкІэ хэвгъэлъи, гуащІагъэр щІэкІыжьынущ.

* * *

Бдзэжьейр щывгъажьэкІэ, пІащІэу зэтегъэкуэу кІэртІоф тІэкІу дэвгъажьи, бдзэжьеимэр игъэкІуэдынущ.

* * *

Бжьыныр фымыгъэлыбжьэ ипэкІэ хьэжьигъэм хэфкухьмэ, и фэр тхъуэплъ дахэ хъунущ.

* * *

Адыгэ унагъуэхэр ерыскъыкІэ зэрыхьэлэлыр кагъэлъагъуэу, щыпщІафІэкІэ «къакІуэ и Іыхьэ» жаІэрти, сыт ягъэхьэзырми цІыхуитІ-щы я Іыхьэ лейуэ япщэфІу щытащ.

* * *

Пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуар япэщІыкІэ псы хуабэм сыхьэтищ хуэдизкІэ хэвгъэлъмэ, компот ящІавэм и фэр нэхъ дахэ, езыри нэхъ гурыхьэ хъунущ.

* * *

ГунэщІу ужеину узынщагъэм дежкІэ фІыкъым.

* * *

Шыл пшэр гъэжьам пІастэ хуабэ дашхрэ шэ хуабэ трафыхьыжурэ жьэн узыр апхуэдэу ягъэхьужу щытащ.

* * *

Джэдыкіэ къакІэцІагъащІэр бгъавэмэ, и фэр текІыгъуей мэхъу.

* * *

Хьэнтхъупс е шыпс щагъэхуэбжкІэ и щхьэр трапІэркъым, шхыныгъуэр фІэІункІэ мэхъу бахъэпсыр хэльэдэжмэ.

* * *

Пасэм цІыхубзыр нэхъ зэрагъэхьэщІэу щытар джэдхъазыл, кхъуейжьапхъэ, жэмыкуэ хуэдэхэрт.

КЪУБАТИЙ Борис.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5**. Адыгэ макъамэм хуэщІа Іэмэпсымэ. **6**. Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъу, Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакІуэ, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист. **7**. Къурш лъэныкъуэмкІэ къриху жьы щІыІэтыІэ. **9**. Дин Іэхуэкіэ Сауд Аэрэш къэралыгъуэм кІуэуэ къэзыгъэзэжа цІыху. **10**. Фочышэу къагъэсэбэп бдзапІэ хъурей цІыкІу. **11**. Совет Союзым и чемпион зыбжанэрэ хъуа адыгэ шууей икІи тренер цІэрыІуэ Къуныжь Мухьэрбий зыщыщ къуажэр. **12**. Дуней псом и щыгу нэхъ лъагэ дыдэр, Эверест, къэзыгъэІурыщІа адыгэ бзылъхугъэ ... Каринэ. **14**. Нэхъапэм адыгэ унагъуэ зылъэкІхэм нэгъуэщІхэм ирагъэпІу щыта щІалэ цІыкІум апхуэдэу еджэрт. **16**. Къамылым къыхащІыкІ алэрыбгъу. **18**. Адыгэ цІыхухъуцІэ. **19**. Ди къэралым и Сыбыр щІыналъэмкІэ щІэІэ республикэ. **21**. Бжэныфэм къыхэщІыкІа къэп. **24**. Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артист, ди республикэм щэнхабзэмкІэ и министр. **25**. Ефэндым ... ищтащ. **26**. Без гъэвэжа. **29**. Махъсымэр къызыхащІыкІ зэхэгъэва. **31**. Партизанхэр нэмыцэм щэхуу ятеуэри, ... зэтращІащ. **33**. ЩІакъуэр зэрагъэтэдж. **34**. ЩІалэщІэр мэзым кІуэри, ... гулъэ кьишащ. **35**. Щхьэц къызытемыкІэ цІыхухъу. **36**. ... вакъэ. **38**. ... из хъужьыркъым. **39**. ІэмыкіуэлъэмыкІуэ. **41**. Псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, ар куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъута. **42**. Унэ зыщІым зэтрилъхьэ блыныр захуэрэ Іушэрэ абыкІэ къещІэ. **43**. Албанием и къалащхьэ.

Къехьу: **1**. ПэгунитІ абы фІадзэурэ псыхьэ ирокІуэ. **2**. Нарт лІыхъужь Батэрэз и адэр. **3**. ЩІыпІэ хуэбзэм хьэлъэзехьэу къыщагъэсэбэп псэущхьэ пІащэ. **4**. ИлІ ефам и ... макъым фызыр игъэжеяжьым. **8**. Уэыдэмыхьэ ... лы дэщ. **12**. ... зыхэвэ нэхърэ - бжэн зыхэпкІэ. **13**. Зэуэ къалъхуа сабиитІ. **14**. Гъурщым къыпыкІэ пхъэщхьэмыщхьэ гъуэжь гуащІэ цІыкІу. **15**. Фызитl зэщІыхьам я зым адрейм ireупщІ: «Уи ... къыкІщІыху?» **16**. Пасэрей зауэлІ джанэ, гъущІ хъарым къыхэщІыкІауэ. **17**. Шы «вакъэ». **20**. Пхъэ уадзшхуэ. **21**. Унагъуэм къахуеблэгъа хьэщІэ лъапІэм ... хуаукІащ. **22**. Мэ дахэ къызыхих, цІыхубзхэм къыздрахьэкІ ткІуаткІуэ. **23**. Пщы зэрыхьэ ... мэхъу. **27**. А къэкІыгъэм кІапсэ кьыхах. **28**. Зи Іуэ и нэхърэ - зи ... ит. **29**. ... ищхъэрэ кьуажэ. **30**. Ахын Іуфэ щыпсэу адыгэ лъэпкъ. **32**. Псы зракІэ, зэрахъумэ кумбигъэшхуэ. **36**. КІыщокъуэ Алим и иужьрей роман. **37**. Совет Союзым и Лыхъужь, кхъухьлъатэзехуэу щыта Къуэныкъуей ... **38**. Къуийцыкіу бзаджэгъэкІэ зытекІуа домбеижь. **40**. Іэпслъэпсым щыщ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Жэпуэгъуэм и 20-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **3**. Гъунапкъэ. **5**. Гъунэгъурэ. **7**. Кугъуэ. **9**. Бжьэ. **10**. Унэ. **11**. Жармыкіэ. **12**. Псэм. **15**. Бжей. **17**. Бу. **18**. Ду. **20**. Нэмэз. **21**. Сэшхуэ. **22**. Уардэ. **25**. Уфа. **26**. Пхъы. **30**. Уэрэд. **33**. Шыдрэ. **34**. Елгъэр. **35**. Гъуо. **36**. Кіуж. **37**. Арыкъ. **39**. Нало. **40**. Мухьэдин. **42**. Акіэ. **44**. Кумб. **46**. Гъудэ. **47**. Щхьэгуэш. **48**. БжьапцІэ.

Къехьу: **1**. Къуныжь. **2**. Иран. **4**. Къанж. **6**. «Нанэ». **8**. Гъуэмб. **13**. Санэ. **14**. Мамкъут. **15**. Бэшэч. **16**. Ерэн. **17**. Бзу. **19**. Усэ. **23**. Адакъэ. **24**. Дапхъэ. **27**. Дудакъ. **28**. Жагъынэ. **29**. Пшэр. **30**. Уэгъу. **31**. Деж. **32**. Урал. **38**. Нэгъуд. **40**. Мыгъуэ. **41**. Ныбжь. **43**. КІыхьщ. **45**. МацІэ.

Ломб Като

● ЗэвгъэцІыху

Ломб Като мэжэр (венгр) зэдзэкІакІуэ, тхакІуэ щІэрыІуэщ. ЖаІэр занщІэу зэздзэкІыу дунейм япэ дыдэу лэжьэн щыщІэзыдэхэм ящыщ ар. Бзэ зэмыпІэужьыгъуэхэр гугъу демыхьу псынщІэу зригъэщІэфу зэрыщытарщ ар къэрал куэдым цІэрыІуэ щызыщІар. Хуиту ирипсалъэрт, ireдежэрт, иритхэрт урысыбзэм, инджылызыбзэм, франджыбзэм, нэмыцбзэм. КъыгурыІуэрт икІи зыхуей тІэкІур жиІэфырт итальян, испан, япон, китай, лыхь бзэхэмкІэ. Псалъалъэр къигъэсэбэнурэ еджэфырт болгар, дат, румын, словак, украин, латынь бзэхэмкІэ.

ЕЗЫР химикт, ауэ и щІалэгъуэм щІидзэри, бзэхэр иджащ. Като и гукъэкІыжхэр иту къыздэкІа тхылъым кІыз-зэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, ЕтІуанэ дунейпсо зауэм и лъэхъэнэм урысыбзэр щэхуу зригъэщІат, Гоголь Николай и «Мёртвые души» тхыгъэм еджэурэ. Совет Армэм Мэжэрыр хуит къищІыжа нэужь, советыдзэ администрацэм зэдзэкІакІуэу щылэжьащ.

Псэуху бзэщІэ зэрызригъэщІэным иужь итащ бзылъхугъэр. И Іэщ1агъэм зэрыхуэІэзэм и фыгъэкІэ къыщыкъушхуэхэр иныгащ, Мэжэрым къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэм зэдзэкІакІуэу щылэжьащ. А Іэнатіэр щиІыгъым къэрал куэд къыдзэкІухьащ, икІи абыхэм ятеуэха тхыгъэ куэд ихуащ Като къыдигъэкІа «Зэдзэкіакіуэм дунейр къызэрызэхихІухьар» тхылъым.

* * *

ЛОМБ Като «Сэ бзэхэр зэрызэгъащІэр» и тхылъым и пэублэ псалъэм итщ:

«Сэ бзэхэр зэрызджым теухуа псалъэмакъ къэхъеІ нэужь, псоми упщащІкІэ зыкъысхуагъаазэ. Абыхэм сытым джи естыж жуапхэр зэщхьщ. Аращи, цІыху псоми яфІэгъэщІэгъуэн упщІэхэм я жэуапхэр щагъэуэтын папщІэ згъэхьэзыра тхылъщ мыр.

Ялэ упщІэр: **Цыхум бзэ 16 зригъэщІэфыну?**

Жэуап: Хьэуэ. А псори зэхуэдэу тэмэму зэбгъэщІэфынукъым, щэрыпэу урипсалъэфынукъым. Сэ си анэдэлъхубзэр зыщ зэрыхъур - ар мэжэр бзэращ. Зэхуэдэу бзитху согъэщэрыуэ, ахэр сэ сщыщу жыпІэ хъунущ - урысыбзэ, инджылызыбзэ, франджыбзэ, нэмыцбзэ, мэжэрыбзэ. А бзэхэмкІэ сыт хуэдэ псэпъафэри занщІэу схуэзодзэкІ, тынш дыдэу зэдзэкІакІуэу сролажьэ. Италъян, испан, япон, китай, лыхь бзэхэм срилэжьэн и пэ кьихуэу, си Іэрытхэхэр къэзгъэсэбэпу махуэ ныкъуэкІэ зэрыщІэщІыжьэн хуейщ. Андрей бзэхэм художественнэ литературэ хэхахэр ириззэдзэкІыу аращ.

ЕтІуанэ упщІэр: **Бзэхэр щхьэ иумыгъэджэрэ?**

Жэуап: Сэ сыеГъэджэкІуэсым. ЦІыхухэр бзэхэм хуебгъэджэн папщІэ бзэ куэд пщІэн хуейуэ аракъым. Ебгъэджэныр къалэн хэхащ, жэуаплныгъэшхуэ зыпылъщ. Операцэ зэ ящІа цІыхум нэгъуэщІ зыгуэр операцэ ищІыну ебгъэуваліэ хьурэ? Сэ апхуэдэм скальпелыр Іэщ1эслъхьэнутэкъым.

Ещанэ упщІэр: **Апхуэдиз бзэ пщІэн щхьэкІэ ямылей зэфІэкІ гуэр ббгъэдэлъын хуей?**

Жэуап: Хьэуэ. Сэ сыззрегупсысымкІэ, гъуаздджэм кІыщынэмыщІа, цІыхум сыт хуэдэ Іуэху ищІэфынуми зэлъытар езым абы хуиІэ жэрдэмрыщ, егугъуныгъэрщ, жыджэрагъырщ. Псалъэр фІыуэ зылъагъуэм, езым и гупсысэмрэ нэгъуэщІым жиІахэмрэ къызэріІуэтэж бзэм и щэрыуэгъэм, бзэгъэфым мыхьэнэ гуэр езытхэм яхуэзэфІэкІынущ ар. Сэ ар згъэунэхуащ си Іуэху бгъэдыхьэкІэкІэ, цІыхухэм сепсалъэкІэрэ. Илъэс пІыщІкІэ сыкІэлъыплъащ абы».

КЪЭБАРТ Мирэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астьэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Щ1хьэщэмыщ1 Иэ.**

Езыгъэтхэхэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кІуачэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныжьмкІэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щІыпэцІыр зыхъумэныжьмкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГыкІэр зэтеГу зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэІэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютерхэр газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Биту Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.108 ●Заказ №1078